

MESAJ OU ENPÒTAN

Jenn gason yo chaje ak mesaj yo resevwa nan televizyon, nan men zanmi yo, nan lekòl, nan katye a, sou entènèt, nan mizik, ak nan fim. Tout sa yo wè ak tout sa yo tande fè yo konnen sa sa vle di pou yo se "yon gason total" - yo fè yo konnen se pou yo brav, se pou yo an kontwòl, oswa se pou yo pase lèzòt lòd, yo fè yo konnen tou ke menm menaj yo fèt pou pran lòd nan men yo.

Ou ka bay mesaj ki pozitif – mesaj ki pale de respè, onè, ak responsabilite.

Benefis ki genyen lè w investè tan w nan lavi jenn gason yo ak lè w pale avèk yo de vyolans, benefis sa yo evidan: Yap konnen sa ki akseptab ak sa ki pa akseptab nan relasyon avèk jenn fi e nan relasyon avèk fanm; epitou yap konnen ke yo ka vin jwenn ou lè yo gen pwoblèm ak kesyon.

Ou ka fè yon gwo diferans nan lavi jenn gason.

www.opdv.state.ny.us

Pou kapab kòmande plis tiliv ak materyèl, al gade nan www.opdv.state.ny.us



Leta Nouyòk

David A. Paterson, Gouvènè



Biwo pou prevansyon vyolans nan kay

Amy Barasch, Direktè egzekitif

www.opdv.state.ny.us

Nimewo gratis NYS kont vyolans seksyèl ak nan kay:

1-800-942-6906

Nan Vil Nouyòk, rele 311

Simultaneous interpretation services available.



WAITT INSTITUTE FOR VIOLENCE PREVENTION

Family Violence Prevention Fund
www.endabuse.org

HAITIAN-CREOLE

Nou ofri sèvis entèpretasyon similtanè

FÒME JENN GASON POU YO VIN DÈMESYE



Wòl ou genyen nan sispann vyolans kont fanm



Leta Nouvòk



Family Violence Prevention Fund

www.endabuse.org

Biwo pou prevansyon vyolans nan kay

FÒME JENN GASON POU YO VIN DÈMESYE

Kounye a, plis ke jamè, jenn gason ki nan vi w yo bezwen tan w ak enèji w. Pitit gason w, pitit pitit ou ki se yon ti gason, neve w, ti frè w — jenn gason w anseye e sa w antrene yo — tout jenn gason sa yo konte sou ou pou yo sa devlope an jenn jan ki ansante.

Jenn gason bezwen konsèy, sitou sou kouman pou yo konpòte yo lè yo avèk jenn tifi. Yap gade kouman w trete fanm. Ede yo aprann ke mesye yo pa sipoze blese fanm, ke vyolans pa egal a fòs, e ke se yon siy donè lè yon gason toujou montre respè e reziste vyolans.

Si w vle sispann vyolans kont fanm, chèche ede yon jenn gason ki nan vi w.



SA W KA FÈ

► **Se pou w prezan.** Si gen yon grenn bagay ou ka fè, se sa a. Lè w tou senpleman pase tan avèk jenn gason yo, sa a sèlman se yon bagay ki esansyèl. Jenn gason yo gen dwa pa di sa dirèkteman, men yo vle pou gen yon gason ki pozitif ki prezan bò kote yo, menmsi lè gason an la, yo pa fè gwo konvèsasyon.

► **Met nan tèt ou ke lap swiv sa wap fè.** Lap swiv tout sa wap di ak tout sa wap fè— jan w pale, jan w bay bagay, jan w jere estrès, konfli ak kòlè, epi jan w trete fanm. Li pran egzanp nan men w, kit se bon egzanp kit se move egzanp.

► **Montre respè.** Asire w ke w toujou trete moun avèk respè. Jenn gason yo va aprann kisa respè vle di lè yo gade fason w trete lòt moun. Sa vle di, lè w nan anbouteyaj, nan magazen, nan restoran, sou teren baskèt bòl la, epi lè w chita bò tab la pou w manje.

► **Anseye l sa onè vle di.** Fè l konnen depi lè li toupiti ke onè ak entegrite se sa ki karakteristik yon gason total. Fè l konnen sa yo ye, epi tou fè l konnen ke pa gen okenn onè ni entegrite lè yon gason abize fanm oswa jenn fi.

► **Ba l opsyon.** Pataje estrateji avèk li pou l konnen kouman pou l aji nan sityasyon ki gen vyolans e pou l konnen tou kouman pou l rete andeyò de danje. Di l kisa l ka fè si li wè gen nenpòt siy vyolans kont jenn fi oswa kont fanm.

► **Poze l kesyon sou vi pa l.** Chèche konnen kilès ki se modèl li, pa egzanp—selèb espòtif, selèb, oswa moun ki nan katye w ak nan kominite w. Mande l kilès li respekte e poukisa li respekte moun sa a. Fè l konnen ke moun ki pa respekte fanm se pa moun pou yo admire epi pwente dwèt sou gason sa yo.

► **Tande.** 4 Lè li gen fristrasyon e lè li move, di l li kapab al fè yon mache pou l santi l mye oswa di l pou l pale de sa. Fè l konnen li ka vin jwenn ou nenpòt ki lè li santi ke bagay yo twòp pou li.

► **Diskite de règ yo.** 4 Jenn adolesan yo fèt pou yo konprann limit yo. Se pou nou pale de règ pou fanmi yo ak règ pou lekòl yo sou kouman pou trete lòt moun avèk respè; e se pou yo ranfòse règ sa yo. E lè lè a rive pou li fè ti sòti ak jenn fi, asire w li konnen ke li enpòtan pou l trete jenn fi avèk respè.

► **Sonje,** 4 nou tout nou fè erè. Jenn gason (ak paran yo) pa janm pafè. Objektif la se pou nou aprann apatide de sa nou te fè nan pase nou defason pou nou gen yon pi bon avni.



PALE. ANSEYE. TANDE. PRAN DEVAN.